*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

**№ 11 (6840) * 16 МАРТ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 26 РАМАЗАН 1447 с. ***






## *Баркула КIалбиччанкъо*




**ХIурматиял районцоял – диналъул вацалги яцалги!**

РакI – ракIалъго баркула нужеда тIаде щолеб бугеб бусурбабазул динияб ва рухIияб гIумруялъул тIей гьечIеб бутIалъун кколеб, нилъер щивас жиб лъикIал ишаздалъун, гурхIел – рахIмуялдалъун, рухIияб камиллъиялдалъун ва къадру тIадегIанлъиялдалъун кIодо гьабизе хIаракат бахъараб Рамазан моцIалъул ахирлъун кколеб КIалбиччаялъул гIид!

Биччанте гьаб къадруяб моцIалъул гурхIел – рахIму нилъер щибаб къойилаб гIумру цадахъаблъун букIине. Щибаб рокъобе, щибаб хъизамалъе рохелги, рекъелги, хинлъиги босун бачIараблъун батаги гьаб баркатаб байрам. Нужер ккурал кIалалги гьабураб гIибадатги Аллагьас къабул гьабун азариде бахинабун батаги.

**М. ТIАГЬИРОВ,**
**районалъул бетIер**

# РекIел къвакIиялъищ яги рахIмуялъищ?

**Хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса гIолилазул бахIарчилъиялъул бицунел баянал гIемерал щвана ВатIаналде. Хасго, кIудияб бутIа гьениб лъуна Дагъистаналъул васаз. Дагъистаналъул тарихалда, бихьиназул рукь ккун захIмалъаби раччарал руччабазги хасаб бакI ккола. Гьоркьоб хутIичIо Украинаялда унеб бугеб хасаб рагъулаб операцияги.**

2024 соналъул февралалда, Дагъистаналъул цойги ясазда цадахъ, Хьаргабиса Саида МухIамадовалъ СВОялде ине контракт хъвана.

КватIичIого, гьелъул ва жеги лъабго Дагъистаналдаса ясалъеги контракт тастикъ гьабураб приказ бачIана. 6 марталда ясал Волгоградалде рагъулаб аскаралъул часталде ритIана. Саида ккана медицинаялъул ротаялде медсестра- анестезистлъун. Волгоградалда, 4 моцIида жаниб полигоналда куцана киналъего: автоматалъ речIчIиялъе, тIоцебесеб медицинаялъулаб кумек гьабиялъе. Тактическияб медицинаялъул киналъего куцана.

Гьебго соналъул июлалда Саидаца хъулухъ гьабулеб полк Луганскалъул халкъияб республикаялъул батIи – батIиял шагьаразде битIана. Саида жигарлъиялда хIалтIизе ккана гьений. НахъкъачIого кумек гьабулаан передовоялда захIматго лъукъарал рагъухъаби къабул гьариялъе ва медицинаялъул кумек гьабиялъе. Чанги сардал рорчIизе ккана гьелъ, хIара бергьараб унтуца зигардилел ругел рагъухъабазе хъулухъ гьабулаго. 50 – 60 захIматго лъукъарал рагъухъабигун цадахъ, тIаде гIарада баялдаса цIунун, чанго сордо-къоялъ тIатIалаго подвалалда гьезие хъулухъ гьабизе ккараб заманги букIана гьелъул.

ЗагIипаб черхалъул, йихьизе гьитIинаб лъимергIадинай Саидал унго – унгоги бахIарчияб ракI буго. Гьелдаго цадахъ гьей кутакалдасан хIеренай, хIалимай медсестраги йиго. Гьелъул жигарчиялъухъ, тирилъиялъухъ, медик хIисабалда бугеб рахIмуялъухъ ва бажариялъухъ рагъухъабаз гуребги командованиялъги хIурмат гьабула Саидал. Гьей, чанго нухалъ, командованиялъул рахъалдасан Баркалаялъул кагътазе мустахIикълъана.

Эбел – инсуда ясалъул кинабго хабар гуро лъалеб букIараб. Гьезул хIисабалда, гьей хIалтIулей йикIана Волгоградалъул госпиталалда. Эбел тIатана яс зама- заманаялъ бухьеналде ячIунарого йикIиндал. Рокъосезул ракIазул рахIат хвезабичIого букIинелъун Саидаца балъго гьабулеб букIана СВО ялде жание йитIулеб заман.

Гьебго соналъул августалда Саида рокъое йиччана, гьеб заманаялъ бицана гьелъ рокъосезда унго – унгоги бугеб ахIвал- хIал.

Саидал эбел Гулишатица бицана кинабниги ясалъул бугеб ургъалида гьоркьоса бищун ракI разияб, жий йохараблъун бугин, йигеб бакIалда кIалалги, какалги ясалъ толаролъиялдаса.

СВОялде Саида иналда гIемер гIажаиблъи гьабичIин жидецаян бицана гьелъул классцояца. Школалда гьей ракIалда чIана гIажаибго жигарай, гIадамал рокьулей, гIадамаздехун ракI рагьарай яс хIисабалда. Гьелъул хасияталъулъ гьитIинго букIана лебалаб гIамал. 9 классги лъугIун медучилищеялда цIалулаго, цадахъго кий хIалтIунги эбел – инсуде ккечIого харжалъе гIамал гьабулаан гьелъ.

Бокьараздехун рекIеде нух батулей, гIадамал, хасго чIахIиял чи рокьулей, щиб тIад къаниги тIубазе бажари бугей, кумекалъе ракI рагьун аскIое щолей яс йикIанин школалда йигей заманалъго ян бицана Саидал классалъул нухмалъулей П.СагIитовалъ. Саида цIалулей йикIана Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалда. Кумек гьабиялъул бицани, Саида зама – заманаялъ гуманитарияб кумекалда хадуй Дагъистаналде ячIуней йиго. Гьелъ ахIи бан, госпиталалде хIажатал медикаментал, ругъун бухьине бинтал, рагъухъабазе хинаб ретIел бакIарула ва тIадюссуда цадахъ босула жиндицаго хъулухъ гьабулеб часталде.

ЯчIараб заман цIехон, гьей ахIула батIи – батIиял гIуцIиязде гIолилазулгун дандчIваязде. ГьабсагIаталъ Саида цадахъго полициялъул школалдаги заочно цIалулей йиго.

СВОялде Саида ахIараб цеехъаналъул хасиятал ругеб гIамалги, рахIмуяб лебалаб ракIги гьитIинго тIатараб букIана сверухъ ругезе.

Саидал мисалалъ бихьизабулеб буго бахIарчилъиялъе ва гьунаралъе васазда ва ясазда гьоркьоб гIорхъи гьечIеблъи.

Хьаргаби район чIухIула, нилъер гьединай гIолилай йикIиналдаса ва гьарула гьелъие щулияб сахлъигун, рагъулаб хъулухъги тIубан ВатIаналде хехго тIад юссин.

**Х. ШАМСУДИНОВА**

8 МАРТАЛЪУЛ КЪОЯЛДА ХУРХУН!



**Ихдал тIугьдул гIадал тIагIам гьуинал
ТIолго руччабазда баркула байрам
Баккараб бакъулгIан берцинлъи кьурал
Баркула ракI – ракIалъ микьабилеб март**

# Руччабазул байрам кIодо гьабуна

Хьаргаби районалъул маданиятталъул кIалгIаялда тIобитIана руччабазул къо -8 март кIодо гьабун гIуцIараб тадбир. Ва гьединго тадбирал тIоритIана Хьаргаби ясли-ахазда ва школазда.

Тадбиралде ахIун рукIана киналго районалъул руччаби ва хас гьабун СВОялда васал, вацал, росал ругел руччабиги. РачIаразда байрам баркизе тадбиралде рачIана районалъул бетIер М.ТIагьиров, батIи-батIиял гIуцIиялъул нухмалъулел.

Тадбир байбихьун кIалъазе рагIи кьуна районалъул бетIер М.ТIагьировасе. Гьес абуна чIужугIаданалъул кIигъуждузда тIад бугин бакIкIаб гьир, дуниялги данде бачун баччизе кколеб. Нужеца куцарал бахIарчиял васал ругин нилъер киназулго чIухIилъун. КIудияб баркала кьуна рагъда СВОялда васал ругел эбелазе, руччабазе эзул сабруялъухъ, къуваталъухъ гьаб захIматаб заманаялда. Гьарула нужер россал, васал сах-саламатго рукъалде руссагиян. РакI –ракIалъго гьарула гьезие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, талихI ва рохел.

Гьединго руччабазда баркун кIалъазе рахъана Хьаргаби росдал бетIер Б. Идрисов, районалъул «Церехун» газетаялъул редактор Б.АхIмадов.

Данделъи берцин гьабуна искусствоялъул школалъул лъималазул ва гьенире рачIарал Хьаргаби «Солнышко» ва «Малыш», КIикIуниб «Ромашка» ясли-ахазул гIисичазул берцинал церерахъиназ. Ясли-ахулъул лъималаз ахIана ва рикIкIана эбелалде гьарурал кучIдул.

Залалда гIодор чIарай щибай чIужугIаданалъе ва ясазе сайгъат гьаруна чIагоял тюльпанал. Ихдалил берцинаб, хIеренаб байрамалъул настроение бахинабуна тадбиралъ.

Гьединго гьал къоязда Хьаргаби районалда ругел ясли-ахазда тIоритIана руччабазул байрамалде руссине гьарурал тадбирал.

ТарбиячагIазул нухмалъиялда гIисичаз бихьизе гьабуна Руччабазул къо-8марталде буссинабураб тадбир.

Ясли-ахазул тадбирал тIоритIулел залал рукIана берцинго къачIан, кьер-кьерал шарал, батIи-батIиял тIугьдул 8-марталде плакатал ран.

Балагьарал рази хутIана цере рахъарал гIисичал васал ва ясал берцинго къачIан рихьидал. Лъималаз цо-цо ккун цере рахъун цIалана хIурматиял эбелазде руссинарун хъварал кIучIдузул мухъал, ахIана кучIдул, рихьизаруна кьурдаби, сценкаби. Цо-цо ясли-ахазда рукIана гьарулел къецал группабазда гьоркьор.

Балагьизе рачIараз баркала кьуна тарбиячагIазе лъималазул цере рахъин берцинлъиялда гIуцIаралъухъ.













ДИН ВА ГIУМРУ

# Черхалъул закагIат

**Закатул фитIри (кIал биччаялъул сахI) нилъер умматалъул хаслъабаздасан ккола. Гьеб тIадаблъун гьабуна гьижрияб тарихалъул кIиабилеб соналъ, ай рамазан моцIалъ кIалкквезе тIадаблъун гьабураб соналъ. Гьеб тIадаблъун букIиналда тIад рекъон руго киналго гIалимзаби ва гьеб тIадаб букIиналда инкар кколев чи иманалдаса ватIалъула. КIалбиччаялъул сахIалда абула черхалъул закагIатиланги – гьелъ черх мунагьаздаса бацIцIад гьабулеб букIиналъе гIоло.**

Халкъалъул Хириясул хIадисалда абулеб буго: **«Аллагьасул Расулас кIалбиччаялъул закагIат гIадамазда тIадаблъун гьабуна чамасдакалдаса яги пурчIинаялдаса цо сахI, киналниги бусурбабазда – узденасдаги лагъасдаги, бихьиназдаги руччабаздаги, гьитIиназдаги кIудияздаги ва амру гьабуна гьеб тIобитIейин гIадамал какде рахъиналда цебе»**, - абун (Бухари).

Аварагасул (с.т.гI.В.) хIадисалда буго:

**«КIалбиччаялъул сахl кIалккурасе къваригIел гьечIеб хабаралдаса рацIцIалъиги мискин-пакъиразе тIагIам кьейги ккола»**,- ян (Абу-Давуд, Ибну-Мажагь). ГIалимзабаз абулеб буго кIалбиччаялъул сахl тIад гьабун бугин гIидалъул къоялъгIаги мискинзаби гьардеялде ккколареб хIал букIинелъун.

Цогидаб хIадисалдаги буго: **«Рамазаналъул кIал зобалаздаги ракьалдаги гьоркьоб бан хутIула, эхеде бахунаро кIалбиччаялъул сахl бахъизегIан»**, абун (Макъдису ибну-Шагьин). Гьаб хIадисалъул магIна кколаро кIал кквечIев чияс кIалбиччаялъул закагIат кьезе кколарин абураб. Гьелъул магIна ккола жинда гьеб тIалъулев чияс закагIат бахъичIони, кIалкквейги Аллагьас къабул гьабуларин абураб.

## СахI бахъиялъул гIужал

СахI бахъиялъе буго щуго батIияб гIуж:

**1. ТIалъулеб гIуж.** Рамазан моцIалъул ахирисеб къоялъ бакъ тIерхьунеб гIужалда вугев чиясда гьеб жинда тIалъизе ккани рукIине ккколел шартIалги жиндилъ ругев). Гьеб къоялъ бакътIерхьинегIан хварав чиясдаса гьеб бахъизе кколаро, бакътIерхьиналде гьабураб лъимералдаса ялъуни ячарай чIужуялдаса бахъизе ккола.

**2. Хирияб гIуж.** ГIидалъул къоялъ рогьел баккун хадуб гIидалъул как балелде.

**3. Бегьулеб гIуж.** Рамазан моцI байбихьарабго. Гьединлъидал, гIидалъул къо жакъа –метер абун щаклъиялда бугони, метералде тIамичIого жакъаго бахъун тIубазабураб лъикIаб буго.

**4. Карагьатаб гIуж.** ГIидалъул какалдаса бакъ тIерхьинегIан гьеб нахъ бахъи. Амма гьеб заманалда гьоркьоб маслихIаталъе гIоло нахъбахъун бугони, масала, жиндие сахI кколев гIагарав чи яги цогидав лъикIав чи щвезегIан, карагьатаб букIунаро.

**5. ХIарамаб гIуж.** ГIидалъул къоялдаса хадуб бахъизе.

## Сундаса бахъулеб?

СахIги гIемерисеб бетIербахъи гьабулеб жоялдаса бахъизе ккола. Масала, Дагъистаналда гIемерисеб бетIербахъи гьабулеб жо ролъ бугелъул, ролъул гурони бахъизе бегьуларо. Ролъги ицц бачIеб, туричIеб, ракьулъ хьани тIирщулеб букIине ккола. Ханжу бахъиялдалъунги сахl тIаса кколаро. Лъабавго имамасда аскIоб сахIалъул бакIалда гьелъул кколеб къимат кьуни яги гIарац кьуни, гьеб мехалдаги сахl тIаса кколаро. Гьединлъидал, рес букIаго къимат кьезе яги гIарцудалъун сахl бахъизе бегьуларо. Ролъ щвечIонани, гьеб, мехалъ АбухIанифа имамасда нахъ вилълъун гIарцудалъун бахъунги бахъизе ккола. Цо – цо камилал гIадамаз ролъулги гIарцулги кIиябго бахъула, ресалда вугев чияс гьедин гьабуни цIакъго лъикIаб букIина, амма гьедин гьабизе тIадаб гьечIо. СахIалъул роцен ккола гIага-шагарго лъабго литрагIанасеб жо, цIан сахl бахъулеб бугониги, гьеб ккола кIиго килоги анкьнусиялда кIикъоялда анцIго грамм. Ролъ кидаго бацIцIадаб букIунарелъул, лъабго кило гIезабураб лъикIаб буго. СахI бахъиялъе ният гьадин гьабула: *«Дица ният гьабуна дирго черхалдаса паризаяб кIал биччаялъул сахI бахъизе, Аллагьасе гIоло»*, - абун.

Жиндирго хъизан-лъималаздасан сахl бахъулеб бугони нийят гьадин гьабила: *«Дица нийят гьабуна дир чIужу, дир вас, дир яс пуланасдаса кIал биччаялъул паризаяб сахl бахъизе»*, - абун. Нийятги сахI батIа гьабулаго гьабизе яги мискинзабазухъе кодобе кьолеб мехалъ гьабизе ккола.

СахI бахъиялъулги нийят гьабиялъулги къагIидаби лъаларел чагIазда тIадаб буго гьелъул иш лъикI лъалев чиясулгун дандбазе, мухIканлъи гьабун сахl бахъизе.

Туснахъалда ругез, боцIиги батани, жалго ругел бакIазда, сахl кьезе мустахIикъал чагIиги ратани, санагIат-ресги рекъани жалго ругел бакIазда бахъила. Туснахъалда ругез цоцазе кьезеги бегьула, кьезе мустахIикъал чагIи ругони закагIат кьолел чагIи мискинал, пакъирал рукIине ккола. Цо-цояз бесдалал ругин абун кьола, гьел бесдалал мискинал, пакъирал ратичIони, гьезие кьеялдалъун сахl тIаса кколаро. Масала, бечедав эмен хун гьес лъималазе нахъе тараб гIемераб боцIи бугони, гьезие кьун сахI тIаса кколаро. Мискинчи пакъирав вугони гьесие кьезе бегьула. Амма вацIцIадав, Аллагьасукьа хIинкъулев динияв чи вугони, гьесие кьезе цIакъго – цIакъ беццараб буго.

Нилъер хирияс (с. т. гI. в.) абулеб буго: **«Дуца квен кванаге Аллагьасукьа хIинкъарав чиясул гурони, дур квенги кванаге Аллагьасукьа хIинъарав чияс гурони»**, - абун. Щайин абуни, лъикIав чияс кьураб садакъа гьес лъикIаб рахъалде буссинабула. Хасго гьев лъикIав мискинчи гIагаравги вугони, тIадежоялъе мадугьалги вугони, гьесие кьуралъул кири цIакъго цIикIкIараб щвела.

СахIги боцIи бугеб росулъ ругел пакъирзабазе кьезе ккола, ай къватIибе босизе бегьуларо, къватIиса сахl гьарун вачIарав чиясе кьезе бегьула. Живго цо бакIалда вугони, боцIи цогидаб росулъ батани, боцIи батараб росулъ ругезего кьезе ккела. ЗакагIатги бищун дагьаб лъабго чиясе кьезе ккола. Цо сахl лъабгоясе бикьизе захIмалъулеб бугони, чамго сахIги данде гьабун, лъабиде бикьила. ЦIакъго лъикIаб букIина имамас мажгиталда закагIат бахъиялъул низам гIуцIун бугони, имамасухъе яги гьесул вакиласухъе кьуни.

Нийятги гьабун сахIал ратIа гьарун хадуб гьел мискинзабазухъе росун лъимал ритIизе бегьула. Бесдалазе сахl битIулеб бугони, гьезул валиясухъе щвезабизе ккола, гIидалъул къоялдаса кватIизабичIого.

КIал биччаялъул закагIаталде гуребги, гIи - боцIудаса, месед-гIарацалдаса, цIолбодаса, хасго дармидаса закагIат бахъиялъул иш кIвар кьечIого тола. Миллионал суннатаб садакъаялдеги руссинарула, закагIаталде кIварги буссинабуларо.

Гьел закагIаталъе кIарчанлъи гьабулел чагIазул хIакъалъулъ, Къуръаналда абулеб буго: «Жидеца жидерго боцIи, гIарац хазинадеги цIунулел, Аллагьасул нухда гьебги хвезабуларел чагIазда дуца лъазабе гьезие кьогIаб, унтизабулеб гIазаб букIин. ЖужахIалъул цIадабеги рехун гьезие нахъе цIунараб месед – гIарац цIадуца багIаризабизе буго, цинги гьеб цузабун, гьезул гьурмаздаги, надаздаги, хьалбаздаги, мугъзадаги бугеб гьан бухIизабизе буго ва гьезда абизеги буго гьаб бугин нужеца нахъе цIунараб жо. Нужеца нахъе цIунараб жоялъул гьанже гIазаб чIамулел рукIайин абун.

**АС – САЛАМАЛДАСА БОСАРАБ**

## ГIИДАЛЪУЛ КЪО

**ТIаде щолеб буго кIудияб байрам — кIал биччаялъул гIидалъул къо. Гьеб буго закат ва садакъа кьезеги цIакъ хирияб къо**

ЛъикIаб, ай суннатаб буго гIидалъул какде ретIел- хьит къачIан ва рацIцIа-ракъалъи гьабун ине. Какги бан рокъоре щвараб мехалъ байбихьула гIемерисез къачIадизе. ГьадигIан кIвар бугеб суннат-какде черх чурун, лъикIал махIал гьарун, берцинаб, лъикIаб ретIел ретIун рачIин тезе бегьилищ нилъеца? Цоги нилъеца реххунго тараб кIвар цIикIкIараб суннат ккола гIидалъул сордоялъ бакъ тIерхьаралдаса гIидалъул как базегIан такбир бачин.

Воре дуца яхI бахъе гьал хадур рехсарал гIамалаздалъун гIидалъул къо Аллагь разиго инабизе.

1. КIварабгIан къадаралда гIидалъуп сордо чIаго гьабе гIидалъул къоялъе дуего зарал кколареб хIалалъ.

2. Радакье вахъун тасбихIалъул какги бай ва суннатаб какги бай.

3. Радакьго черх чурун, малъал къунцIун, рас инабун, берцинал махIал гьарун гIидалъул какалде хIадурлъе

4. Бихьинал рогьалил как базе мажгиталде а, ва г!идалъул какги бай.

5. Гьелда хадуб хабалазде зияраталъ а, дурго гIагарлъиялъул ва вали-шайихзабазулги хабаде инчIого чIоге, гьениб зикру-салават, Къуръаналъул аятал, тасбихIал цIалун гьезул кири гьезие кье ва лъикIаб дугIаги гьабе.

6. ЦIияб, берцинаб, къачIараб ретIел ретIе.

7. ГIидалъул какде иналде закаталъул иш тIубай.

8. Хъизан-лъималги гIидалъул как базе тIаме, мунгоги гьеб базе мажгиталде а. Как баледде цебе 400 нухалъ **«лаи- лагьа иллалагьу вахIдагьу...»** цIале.

9. ГIага-божаразухъе, хасго унтарал гIадамазухъе ваккизе а, Аллагь разилъиялъул нияталда.

10. КIванагIан цIикIкIун зикру-салават цIале.

11. Бажарараб къадар садакъа кье.

12. Тавбу гьабун хIеле БетIергьанасе гьаб къоялъул букIине кколеб адаб гьабичIолъиялда.

13. Суннатаб как бай.

**КIалбиччан къоялдаса хадуб 6 къоялъ кIал кквезе суннатаб буго.**

## ГIидалъул как

**ЦIакъ кIвар кьезе ккараб жо буго гIидалъул какги. ГIемерисез жалгоги мажгиталъе как базе ун чIужу лъимал гьеб базе тIамичIого тола ва гьезда ракIалде ккола мажгиталде араз гурони гьеб базе кколарилан.**

Воре киназго гьеб кIвар бугеб суннат рехун тоге, гьелъухъ цIакъ кIудияб кири буго нилъее.

**КАК БАЛЕБ КЪАГIИДА:**

Дица нигат гьабуна 2 ракагIаталъул суннатаб гIидалъул как базе Аллагьасе гIоло «Аллагьу акбар» - абун какилье лъугьина гIидалъул как базе Аллагьасе гIоло **«Аллагьу акбар»** - абун какилье лъугьина ва лъалес **«Важагьту»** цIалила. Гьеб какилье лъугьиналъул **«Аллагьу акбар»** малъичIого 7 нухалъ **«Аллагьу акбар»** абила гьезда гьоркьоб абила **субхIаналлагьи валхIамду лиллагьи ва лаилагьа иллаллагьу валлагьу акбар**. Ай, анлъго нухалъ.

Хадуб агIузуги бахъун **«АлхIам»** цIалила.

Цинги рукугI суждаги гьабила цоги каказе гIадин. КIиабилеб ракагIаталъе **«Аллагьу акбар»** щуго абила щибалда гьоркьоб добго тасбихI цIалила, ай гьеб ункъго нухалъ ккола.

Гьаб къагIида буго суннатаб къагIида, гьаб лъаларес яги бажаруларес гIадатияб кIиго ракагIат банги бачIого тоге гIидалъул какилан нийятги гьабун.



# ГІагараб росулъе ракІ цІалеб буго



**Хьаргаби районалъул Тунзиб росулъа Нурудинова РахІмат Сайпудиновна 1978 соналъ Дагъистаналъул пачалихъалъулаб университеталъул биологиялъулаб факультетги лъугІизабун распределениялда рекъон хІалтІизе ине ккана Москва шагьаралъул Зеленоградский округалъул гимназиялде. Гьелдаса нахъе жиндирго махщалие хилиплъичІого 40 соналдасаги хІалтІана лъималазул лъай борхизабиялъул системаялда батІи – батІиял хъулухъазда. ХІалтІулъ рихьизарурал бергьенлъабазе гІоло мустахІикълъана пачалихъалъулал шапакъатазе, гьей ккола Россиялъул халкъияб лъай кьеялъул отличник. Округазда тІоритІулел «ЛъагІалил учитель» ва цогидалги конкурсазда кидагосей гІахьалчІужу ва чанго нухалда гьенир росана бергьенлъаби. Къисматалъ гьитІинаб ВатІаналдаса рикІкІад йикІаниги гьелъул ракІ кидаго цІалеб буго гІагараб росулъе ва росулъ хутІараб гІагарлъиялъухъе. Дагьал церегІан къояз РахІматица редакциялде ритІун рачІана жиндирго рекІелъ ругел пикраби ва гІагараб росулъе щвезе бугеб гІашикълъи ва рокьи загьир гьабулел кочІол мухъал, ва гьарулеб бугоан рахьдал мацІалда хъвачІогойилан гІайиб гьабугеян. Рахъулел руго цо чанго гьелъул кучІдул.**

## *Своя среди чужих, чужая среди своих*

Не родная, ни здесь, ни там.
Как между небом и землей.
Рады мне в городе этом?
Вряд ли здесь я стану родной.

В горах рождённая аварка.
Я на стадии мутации.
В Москве я чужестранка.
Лицо кавказской нации.

Я здесь пригодилась.
И не там где родилась.
Сеять разумное, вечное.
Мое предназначение.

На родине я обрусевшая.
Как пчела из другого улья.
И куда же мне - стареющей?
Не родной ни здесь, ни там?

## *Я дома в гостях*

Суровые вершины и скалы.
Где в ущелье, в тумане.
Танцуют лезгинку орлы.
Я дома, я в Дагестане.

Здесь сила гор и величие.
Магия гор, души обновление.
Песня реки, её журчание.
Водопада гул, его бушевание.

Я спешила домой.
Дагестан мой родной!
Иду как и прежде знакомой тропой
Как когда-то девушкой юной.

Туда, там за поворотом
Куда устремился мой взор.
Село Тунзи, моя Швейцария.
Где на свет появилась я.

Где Альпийская Флора-краса!
Вода ключевая и воздух-озон.
Где слышна мелодия леса.
И душа поет в унисон.

## *Бабье лето*

Люблю я бродить в Бабье лето.
Наслаждаться ее золотой листвой.
Птиц прощального дуэта,
Их предполётной суетой.

Я, порой осеннюю рождённая.
Первый раз всей грудью задышала.
Мой крик услышал лес Тунзинский.
Березка тогда мне счастье пожелала.

С тех пор прошло немало лет.
Я к старой березке подхожу.
На ней вешенок квинтет!
Под стать ей по виду я подхожу.

Бабье лето мне в подарок
Пишет свой размашистый пейзаж.
Как осенний наряд красками ярок!
Для меня устроили пассаж

## *Мой аварский язык*

Как ни странно в аттестате.
В классе восьмом на экзамене.
Мне поставили тройку.
По родному языку.

Билет попался мне коварный.
Про тридцать с лишним падежей.
Моего аварского, родного языка.
Жаль потраченных дней и ночей!

Я заблудилась в местных падежах.
И в многочисленных предлогах.
«Родня, семейство и имя Мирза».
Твердила: «родне», «родным» и «родных».

Шла домой, не пряча слез.
Торопливо и все быстрей.
Ругала и бубнила я себе под нос.
Кто придумал столько падежей?

С тех пор прошло немало лет.
В чужом краю не сложить мне куплет
Как я тогда была глупа.
Что ругала свой трудный билет.

Я не прочь 100-й раз дать ответ на тот билет...
На моем родном аварском языке!
Я в горных селах у аварских детей.
Все чаще слышу русскую речь!

Язык прародителя думаю главней,
но русским языком не пренебречь.
Речь перед боем, Шамиля язык.
А Махмудом сложенный сонет!

Мой Аварский, исчезающий язык...
Мой язык! Ты великим Расулом воспет!

## *В селении Тунзи*

Я приехала к тебе, бабушка родная.
Дом твой осиротелый все ещё стоит.
Я приехала к тебе, Масаба моя!
Помнишь, ты встречала у ворот?

Сколько лет прошло как ты ушла,
Ты жила как могла и легкой она не была
Рассказать бы тебе, как в детстве,
Все свои секреты, как прежде.

Что шестеро внуков, бабушка сама.
Я представила себе, как ты слушаешь,
Смотришь мне в глаза и косички гладишь.
Твою милую улыбку и блеск карих глаз.

Ты начинала суетиться и ставила казан.
Не было слаще тех вареных груш.
Поесть бы ту кашу из сушеной кураги.
Я обошла твой дом, пустота и тишь.

Все соседние дома в развалинах уже.
Тут жизнь бурлила когда-то.
Был слышен шум людской и детский смех.
Безвозвратно все ушло куда-то. P.S.
Теперь безжизненный «авал», призраки-дома....

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана хадур рехсарал цІаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул, цІаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать
12 марта 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00